

Fanm ansent k ap akouche nan Lopital Brigham ak Fanm yo a kapab refere tèt yo, kapab gen yon doktè ki refere yo, oswa kapab gen yon lòt òganizasyon ki refere yo.


Pou refere yon moun, vizite sit  
[redcap.link/StrongerGenerationsReferral](https://redcap.link/StrongerGenerationsReferral)  
oswa sèvi ak kòd QR sa a:



Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan Pwogram Patenarya Fanmi an oswa lòt pwogram Inisyatif Jenerasyon Pi Fò yo, tanpri vizite sit [strongergenerations.org](https://strongergenerations.org)

 Brigham and Women's Hospital  
Founding Member, Mass General Brigham

 Brigham and Women's Hospital  
Founding Member, Mass General Brigham



Family Partnership  
Program

Stronger Generations Initiative

## Enfòmasyon sou Pwogram nan

Patnè Fanmi yo sèvi antanke antrenè pou patisipan yo. Antrènman sa a kòmanse anvan tibebe a fèt rive jiskaske li gen 2 an laj.

Patisipan yo resevwa antrènman dirèk ki baze sou konpetans pou ede yo atenn objektif pèsònèl ki gen rapò ak sante ak byennèt antye, mouvman ekonomik, devlope konpetans travay, konpetans lavi ak konpetans leve timoun yo

Patnè Fanmi an ap soutni patisipan yo pandan y ap navige swen anvan ak apre tibebe a fèt, li konekte yo ak resous, e li ba yo sèvis ki la pou fè fanmi an pi stab.

## Moun ki elijib

Pwogram sa ouvri pou tout fanm ansent ki planifye akouche nan Lopital Brigham ak Fanm yo a.

Patisipan yo dwe enskri nan pwogram nan anvan yo rive gen 30 semèn ansent.

## Sit & Lang yo

Patnè Fanmi yo bay sèvis nan Sant Sante Kominote Brookside, Sant Sante Kominote Mattapan, Sant Sante Sid Jamaica Plain, Sant Sante Kominote Ri Whittier, ak nan Lopital Brigham ak Fanm yo a. Yo bay sèvis nan lang anglè, espanyòl ak kreyòl ayisyen.



## Enfòmasyon sou Inisyatif Jenerasyon Pi Fò a

Inisyatif Jenerasyon Pi Fò a (SGI oswa "Stronger Generations Initiative" an anglè) fè pati Sant Sante Kominote ak Sante Egal Lopital Brigham ak Fanm yo a. Li travay ansanm avèk manm kominote yo, pasyan yo, ak yon rezo òganizasyon pou soutni fanm ansent ak moun k ap leve timoun nan kominote Boston nan.

SGI ap travay pou l'elimine mank egalite rasyal nan domèn rezilta sante manman ak sante tibebe yo. Yo fè sa pa mwayen sipò yo bay fanm ansent pandan y ap navige sistèm swen sante e lè yo ede yo jwenn aksè a resous k ap fòtifye sante yo, k ap soutni yo pandan y ap leve timoun, e pou ede tibebe yo jwenn pi bon kòmansman nan domèn sante ki posib.

SGI sèvi ak yon apwòch ki atake rasin pwoblèm nan pandan y ap soutni stabilite ak mobilite sosyal fanmi yo. Objektif prensipal la se pou amelyore sante ak byennèt antye yon moun pandan tout lavi li. Pwogram Patenarya Fanmi an se youn nan pwogram SGI yo.

**Yon vi an sante  
kòmanse lè  
tibebe fèt**